2023-чу шеран лахьанан беттан ткъе бархIалгIачу дийнахь Гуьмсе-гIалин Дадагова Данин цIарах № 3 йолчу гимназехь дIайаьхьира «Нохчийн меттан, литературин хьехархойн корматаллин говзалла (компетентность) лакхайаккхаран некъаш» цIе йолу практически семинар.

Семинаре кхайкхина бара Гуьмсан муниципальни кIоштан ишколашкара нохчийн меттан, литературин хьехархой.

Хьехархочо Абдулхалимова Iимранан Заремас йелира 8-чу классехь «Хандешан хIоттаман сказуеми» цIе йолу нохчийн меттан урок, хьехархочо Чермыханова Айсолтин Лизас 7-чу классехь нохчийн литературин урокехь дешархошца болх дIабаьхьира «Гайсултанов Iумаран «Болат-ГIала йожар» повестан исбаьхьаллин башхаллаш» цIе йолчу темица.

Абдуразаков ИбрехIиман Шертбека йелира «Нохчийн литература кхиарехь «Серло» газетан мехалла» цIе йолу сцени тIехь урок.

КIоштахь а, республикехь а дика бевзаш, шайн балха тIехь зеделларг долуш болчу хьехархоша лаккхара мах хадийра урокашкахь дешархошца цхьаьна къахьоьгуш белхаш биначу хьехархойн.

Семинар йерзош, къамел дира кIоштан Дешаран урхаллин методикин кхачойаран отделан методисто Салманиева Султанан Индирас. Цо баркалла элира гимназин куьйгалхошна, семинар вовшахтохарна а, дIайахьаран хьелаш кхолларна а.

